

# Eksplikasyon sou medikaman san preskripsyon



## Kisa medikaman san preskripsyon ye?

Yo se medikaman ou ka achte san yon preskripsyon, nan makèt ak nan famasi.

## Kijan pou m chwazi yon medikaman san preskripsyon?

- Li etikèt la
- Mande famasyen w lan
- Mande doktè w

## Ki enfòmasyon ki sou etikèt medikaman san preskripsyon an?

- Izaj medikaman an
- Enstriksyon sou kouman pou pran medikaman an
- Dat ekspirasyon an
- Engredyan aktif yo. Sa yo se pati nan medikaman an ki trete maladi a.
- Engredyan inaktif ki ladann yo. Yo enkli koulè ak gou yo.
- Avètisman ki prevni w de pwoblèm ki ka rive

## Kisa seksyon Avètisman an fè m konnen?

Seksyon Avètisman ki sou etikèt la ap ba w enfòmasyon sou:

- Ki moun ki pa dwe pran medikaman an poutèt pwoblèm medikal yo genyen
- Kilè pou w rele doktè a
- Efè segondè pou prevwa
- Bagay ou dwe evite (tankou kondi)

## Kouman m ap fè konnen ki kantite medikaman pou m pran?

Li etikèt la pou w konnen ki kantite fwa pou w pran medikaman an, kilè pou pran l, ak si medikaman sa a fèt pou granmoun sèlman.

## Kisa pou m fè ak yon medikaman ki ekspire?

Rele Sant Kontwòl Anpwazònman an (Poison Control Center) pou enstriksyon byen presi sou sa.

**Rele Sant Konwtòl Anpwazònman Vil Nouyòk  
(New York City Poison Control Center) la nan 1-800-222-1222  
nenpòt ki lè pou poze kesyon sou medikaman w yo.**

# Sant Kontwòl Anpwazònman Vil Nouyòk



**Sant Kontwòl Anpwazònman nan Vil Nouyòk lan  
la pou l ede w avèk sekirite medikaman yo.**

**Rele nou nenpòt ki lè nan 1-800-222-1222**

**oswa nan 212-POISONS (212-764-7667)**

**Ale sou sit entènèt nou an nan [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health)**

- Sant Kontwòl Anpwazònman w lan disponib 24è sou 24, 7 jou pa semenn.
- Famasyen ak enfimyè ki sètifye nan enfòmasyon sou pwazon la pou ba w konsèy.
- Tout apèl yo gratis e konfidansyèl.
- Nou ofri sèvis tradiksyon.
- Mande pou yo ba w bwochi gratis, otokolan pou mete sou telefòn ak leman.



Lè l sèvi avèk Smartphone  
ou telechaje yon QR Reader  
aplikasyon gratis yo resevwa  
plis enfòmasyon.